Ассаламу гIалайкум!

# ГЬУДУЛЛЪИ

№70-71 (9520-9521)

2013 соналъул **11 октябрь**

РУЗМАН

БОЛЪИХЪ РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА



## Пресс-хъулухъалъ лъазабулеб буго



Ж. АхIмадудинова, райадминистрациялъул пресс- секретарь

# ФОРУМ «КАСПИЙ-2013»

Нилъер районалъул гIолилаз хIаракатаб гIахьаллъи гьабуна Халкъазда гъоркьосеб «Каспий-2013» форумалда.

Руслан ХIамзатовасул ва АхIмад Лабазановасул нухмалъиялда гъоркь нилъер гIолилазул вакилзабазул командаялъ «Пайдаяб муниципалитет» абураб хIаялъулъ ккуна тIоцебесеб бакI.

Форумалъул гIуцIарухъабазул пикруялда рекъон киналго гIахьалчагIи рикьана 20 командаялде ва гьел командаби рикIкIана муниципалитеталлъун. Нилъер гIолилазул букIана муниципалитет №16.

Форумалъул щибаб къоялъул букIана хасаб тема:

ТIоцебесеб къоялъул-экономика, кIиабилеб къоялъул-социалияб рахъ ва лъабабилеб къоялъул-политика.

ХIаязул официалияб презентациялдаса хадуб командабаз байбихьана муниципалитетазул политикиял ва социалиялгун экономикиял суалал тIуразе. Гьез рищана муниципалитетазул бутIрул, «цIунана» жидерго бизнес ва социалиял проектал, «рагьана» предприятияби, росана кредитал, щвезаруна инвестициял, гIахьаллъана бичахисиялъулъ ва спорталъулгун культураялъул тадбиразулъ.

Гьенир тIоритIана форумалъул Президентасул рищиялги. Киналго муниципалитетаз рихьизаруна жидерго кандидатал, гьабуна гьезие агитация ва тIоритIана бахIсал.

Ахиралда гьаруна гIаммал хIасилал. Нилъер гIолилазул, Руслан ХIамзатовасул нухмалъиялда гъоркь №16 муниципалитеталъ рихьизаруна бищунго лъикIал хIасилал ва ккуна тIоцебесеб бакI. Форумалъул оргкомитеталъ командаялъе кьуна грамота ва киналго гIахьалчагIазе-планшетал.


ГРАМОТА

НАГРАЖДАЕТСЯ

МУНИЦИПАЛИТЕТ № 16

за победу в деловой игре «ЭФФЕКТИВНЫЙ МУНИЦИПАЛИТЕТ» на Международном молодежном образовательном форуме «Каспий-2013»

Оргкомитет

Республика Дагестан

25-29 сентября 2013 г.

# ИДАРАБАЗУЛ НУХМАЛЪУЛЕЗУЛ РОСАБАЛЪЕ САПАР

Районалъул бетIер МухIамад ПатхIулаев хъулухъалъулаб сапаралъ щвана ГIанди, Гъагъалъ ва РикIвани росабалъе. Гьеб сапаралъулъ гIахьаллъи гьабуна районалъул идарабазул нухмалъулезги. Гьеб сапаралъул аслияб мурад букIана росабазул гIадамаз ва жамагIатчагIаз бицунелъухъ гIинтIами, гьезул гIунгутIаби, ками-кватIиял ва гIоларел рахъал лъай ва кIвараб кумек-квербакъи гьезие гьаби. Гьединго хал-шал гьабуна росабалъ бугеб ахIвал-хIалалъулги.

Бищунго кIудияб гIунгутIи гьел росабазул бугоан нухал квешал рукIин, росабалъе, рачIунел нухал батIалъи гьечIо, жанир ругел нухал батIалъи гьечIо. Исана хасго цIадал гьарзаяб сон букIиналъ гIемер рукIана ччукIарал ва къачIазе ккарал бакIал.

Гьел росабазул гIадамазда цебе районалъул бетIерас бицана ГIанди-Болъихъ нухалъе реконструкция гьабизе исанаго байбихьизе бугилан абун ва кватIичIого гьенибе къваригIунеб техникаги бачIизе бугилан.

Районалъул бетIерасулгун дандчIваялда гIадамаз борхана букIине кколеб къадаралда ток чIезабиялъул суал, хасго хасалил заманалда. Гьел росабазул гIадамаз лъикIаблъун рикIкIунеб бугоан ГIанди участкаялъулаб мастерская рагьизе, къваригIаралъуб ГIанди мухъалъул росабалъ ккараб хIалтIи гьабизе. Районалъул бетIерас гьеб суал ОАО «Дагъэнерго»ялъул жавабиял чагIигун дандбазе бугилан рагIиги кьуна.

ГIадамаз суалал кьуна субсидиязда, сахлъи цIуниялда ва ЦЗНалъул хIалтIуда хурхарал ва гьезул киналго суалазе жавабалги кьуна тIаде рачIараз.

Районалъул бетIерас абуна гIадамазе ругел гIунгутIаби тIагIинариялъе ресалда рекъараб кумек гьабизе бугиланги.

## НАРКОТИКАЗДЕ ДАНДЕ КЪЕРКЬЕЯЛЪУЛ МОЦI!

## НАРКОТИКАЛ-БАЛАГЬАЛЪУЛ ИЦЦ



Республикаялъул прокуратураялъул хIаракатчилъиялда 15 сентябралдаса 15 октябралде щвезегIан тIобитIулеб буго «Дагъистан наркотиказде данде» абураб ахIиялда гъоркь наркотиказде данде къеркьеялъул моцI. Гьединабго тадбир тIобитIулеб буго нилъер районалдаги. Болъихъ бугеб МРО УФКСН-ялъул хIалтIухъабаз, гIолилазда гъоркьоб хIалтIи гьабиялъул комитеталъ, ОМВДялъул инспектораз цадахъ рекъон кIудияб хIалтIи гьабулеб буго гьеб тадбир тIадегIанаб ва пайда кьолеб хIалалда тIобитIиялъе. Щибаб къойил росабалъе хьвадун, школазда гIуцIулел руго школлъималазулгун, ай 9-11 классазул цIалдохъабигун дандчIваял. Гьел дандчIваязда гIахьаллъи гьабулеб буго УНОялъул вакилзабаз, росабазул дибирзабаз, школазул директорзабигун мугIалимзабаз. КIудияб бичIчIи кьеялъулал насихIатал гьарулел руго гIун бачIунеб гIелалъе. Бицунеб буго наркотиказдасан бугеб заралалъул, гьелъ хадуб цIалеб кIудияб балагьалъул. Щивав кIалъазе вахъарас жиндиего хасиятаб, магIнаяб кIалъаялдалъун хIаракат бахъулеб буго гIун бачIунеб гIелалъул рекIелъе нух бахъизе, гьезда наркотиказдасан бугеб заралалъул бичIчIинабизе.

Гьединго щибаб росулъ къадазда чIвалел руго «наркотиказдасан цIуне-хвел бичулеб бакI бице»-ян ахIи балел игIланал гъоркь жидерго номералги хъван. Жакъа къоялде щвезегIан гьединал тадбирал гьарун руго Болъихъ лъабабго школалда, гьезулгун дандчIвай гьабуна ДЮСШялъул кIалгIаялда жаниб. Муни, Кванхидалъ,гъоркь Инхело, Кьохъ росабалъ. БакIалъулаб телевидениялъул студиялда тIобитIана «Дагъистан - наркотиказде данде» абураб темаялда гургинаб стол.

Гьениб гIахьаллъи гьабуна районалъул прокурорасул заместитель Жамал ЖабрагIиловас, МВДялъул отделалъул начальник МухIамадкамиль ХIажиевас, Болъихъ бугеб МРО ФСКН-ялъул хIалтIухъан АхIмад Темирхановас, балугълъуде рахинчIел лъималазда гъоркьоб хIалтIи гьабиялъул рахъалъ ОМВДялъул инспектор АхIмадула Сайгидиновас, районалъул №19 аптекаялъул заведующий МухIамад МухIамадовас, РахатIа росдал мажгиталъул имам Салман Ибрагьимхановас, Шодрода росдал мажгиталъул имам МухIамад МуртазагIалиевас. Гьениб борхараб аслияб суал букIана наркотиказде данде къеркьеялъул рахъалъ районалда бугеб ахIвал-хIалалда хурхараб. Гьединан кIудияб жавабчилъиялдалъун ва ракI бацIцIадго гьабулеб хIалтIудалъун унеб буго нилъер районалдаги наркотиказде данде къеркьеялъул моцI.

***З. МУХIАМАДОВА.***

# БЕСПЛАТНЫЕ АДВОКАТСКИЕ УСЛУГИ

Адвокат Джахбаров Идрис Ахмедхабибович, зарегистрированный в реестре адвокатов Республики Дагестан (регистрационный номер : 05/769), имеющий удостоверение №1313, выданное Управлением Министерства юстиции Российской Федерации по Республике Дагестан 04 мая 2012 г. , осуществляющий адвокатскую деятельность через юридическую консультацию МО «Ботлихский район» Республики Дагестан , расположенная по адресу : 368970 с. Ботлих (микрорайон) , Ботлихский район, Республика Дагестан, (находится недалеко от помещения частного зубного врача Амирали из селения Игали ), оказывает бесплатную юридическую помощь нижеперечисленной категории граждан, имеющих право на получение бесплатной юридической помощи в рамках государственной системы бесплатной юридической помощи.

Тел: 89884677898; 89094852852; 89286711859.

Категории граждан, имеющих право на бесплатную юридическую помощь в рамках государственной системы бесплатной юридической помощи, и случаи оказания такой помощи

Право на получение бесплатной юридической помощи в виде : правового консультирования в устной и письменной форме; составления заявлений, жалоб, ходатайств и других документов правового характера; представления интересов гражданина в судах, государственных и муниципальных органах, организациях в случаях и в порядке, которые установлены Федеральным законом и законами субъектов Российской Федерации, в рамках государственной системы бесплатной юридической помощи имеют следующие категории граждан:

1) граждане, среднедушевой доход семей которых ниже величины прожиточного минимума, установленного в субъекте Российской Федерации в соответствии с законодательством Российской Федерации, либо одиноко проживающие граждане, доходы которых ниже величины прожиточного минимума (далее - малоимущие граждане);

2) инвалиды I и II группы;

3) ветераны Великой Отечественной войны, Герои Российской Федерации, Герои Советского Союза, Герои Социалистического Труда;

4) дети-инвалиды, дети-сироты, дети, оставшиеся без попечения родителей, а также их законные представители, если они обращаются за оказанием бесплатной юридической помощи по вопросам, связанными с обеспечением и защитой прав и законных интересов таких детей;

5) граждане, имеющие право на бесплатную юридическую помощь в соответствии с Федеральным законом от 2 августа 1995 года N 122-ФЗ «О социальном обслуживании граждан пожилого возраста и инвалидов»;

6) несовершеннолетние, содержащиеся в учреждениях системы профилактики безнадзорности и правонарушений несовершеннолетних, и несовершеннолетние, отбывающие наказание в местах лишения свободы, а также их законные представители если они обращаются за оказанием бесплатной юридической помощи по вопросам, связанными с обеспечением и защитой прав и законных интересов таких несовершеннолетних (за исключением вопросов, связанных с оказанием юридической помощи в уголовном судопроизводстве);

7) граждане, имеющие право на бесплатную юридическую помощь в соответствии с Законом Российской Федерации от 2 июля 1992 года N 3185-1 «О психиатрической помощи и гарантиях прав граждан при ее оказании»;

8) граждане, признанные судом недееспособными, а также их законные представители, если они обращаются за оказанием бесплатной юридической помощи по вопросам, связанными с обеспечением и защитой прав и законных интересов таких граждан;

9) граждане, которым право на получение бесплатной юридической помощи в рамках государственной системы бесплатной юридической помощи предоставлено в соответствии с иными федеральными законами и законами субъектов Российской Федерации (предоставлено право Законом РД по пунктам 10,11,12,13,14,15,16,17);

10) неработающие инвалиды III группы ;

11) вдовы ветеранов Великой Отечественной войны, Героев Российской Федерации, Героев Советского Союза, Героев Социалистического Труда;

12) ветераны боевых действий;

13) члены семей погибших (умерших) ветеранов боевых действий;

14) вдовы сотрудников правоохранительных органов, погибших при исполнении служебных обязанностей;

15) граждане, проживающие в труднодоступных и отдаленных местностях в Республике Дагестан в соответствии с перечнями, утвержденными законом Республики Дагестан;

16) многодетные родители и родители, воспитывающие детей в возрасте до 14 лет в неполных семьях;

17) граждане, оказавшиеся в трудной жизненной ситуации.

Адвокаты, являющиеся участниками государственной системы бесплатной юридической помощи, осуществляют правовое консультирование в устной и письменной форме граждан, имеющих право на получение бесплатной юридической помощи в рамках государственной системы бесплатной юридической помощи, и составляют для них заявления, жалобы, ходатайства и другие документы правового характера в следующих случаях:

1) заключение, изменение, расторжение, признание недействительными сделок с недвижимым имуществом, государственная регистрация прав на недвижимое имущество и сделок с ним (в случае, если квартира, жилой дом или их части являются единственным жилым помещением гражданина и его семьи);

2) признание права на жилое помещение, предоставление жилого помещения по договору социального найма, расторжение и прекращение договора социального найма жилого помещения, выселение из жилого помещения (в случае, если квартира, жилой дом или их части являются единственным жилым помещением гражданина и его семьи);

3) признание и сохранение права собственности на земельный участок, права постоянного (бессрочного) пользования, а также права пожизненного наследуемого владения земельным участком (в случае, если на спорном земельном участке или его части находятся жилой дом или его часть, являющиеся единственным жилым помещением гражданина и его семьи);

4) защита прав потребителей (в части предоставления коммунальных услуг);

5) отказ работодателя в заключении трудового договора, нарушающий гарантии, установленные Трудовым кодексом Российской Федерации, восстановление на работе, взыскание заработка, в том числе за время вынужденного прогула, компенсации морального вреда, причиненного неправомерными действиями (бездействием) работодателя;

6) признание гражданина безработным и установление пособия по безработице;

7) возмещение вреда, причиненного смертью кормильца, увечьем или иным повреждением здоровья, связанным с трудовой деятельностью;

8) предоставление мер социальной поддержки, оказание малоимущим гражданам государственной социальной помощи, предоставление субсидий на оплату жилого помещения и коммунальных услуг;

9) назначение, перерасчет и взыскание трудовых пенсий по старости, пенсий по инвалидности и по случаю потери кормильца, пособий по временной нетрудоспособности, беременности и родам, безработице, в связи с трудовым увечьем или профессиональным заболеванием, единовременного пособия при рождении ребенка, ежемесячного пособия по уходу за ребенком, социального пособия на погребение;

10) установление и оспаривание отцовства (материнства), взыскание алиментов;

11) реабилитация граждан, пострадавших от политических репрессий;

12) ограничение дееспособности;

13) обжалование нарушений прав и свобод граждан при оказании психиатрической помощи;

14) медико-социальная экспертиза и реабилитация инвалидов;

15) обжалование во внесудебном порядке актов органов государственной власти, органов местного самоуправления и должностных лиц.

Адвокаты, являющиеся участниками государственной системы бесплатной юридической помощи, представляют в судах, государственных и муниципальных органах, организациях интересы граждан, имеющих право на получение бесплатной юридической помощи в рамках государственной системы бесплатной юридической помощи, если они являются:

1) истцами и ответчиками при рассмотрении судами дел о:

а) расторжении, признании недействительными сделок с недвижимым имуществом, о государственной регистрации прав на недвижимое имущество и сделок с ним и об отказе в государственной регистрации таких прав (в случае, если квартира, жилой дом или их части являются единственным жилым помещением гражданина и его семьи);

б) признании права на жилое помещение, предоставлении жилого помещения по договору социального найма, расторжении и прекращении договора социального найма жилого помещения, выселении из жилого помещения (в случае, если квартира, жилой дом или их части являются единственным жилым помещением гражданина и его семьи);

в) признании и сохранении права собственности на земельный участок, права постоянного бессрочного пользования, а также пожизненного наследуемого владения земельным участком (в случае, если на спорном земельном участке или его части находятся жилой дом или его часть, являющиеся единственным жилым помещением гражданина и его семьи);

2) истцами (заявителями) при рассмотрении судами дел о:

а) взыскании алиментов;

б) возмещении вреда, причиненного смертью кормильца, увечьем или иным повреждением здоровья, связанным с трудовой деятельностью;

3) гражданами, в отношении которых судом рассматривается заявление о признании их недееспособными;

4) гражданами, пострадавшими от политических репрессий, - по вопросам, связанным с реабилитацией;

5) гражданами, в отношении которых судами рассматриваются дела о принудительной госпитализации в психиатрический стационар или продлении срока принудительной госпитализации в психиатрическом стационаре.

*Джахбаров Идрис Ахмедхабибович,*
*заведующий юридической консультации*
*Ботлихского района Республики Дагестан.*

# ПОСТАНОВЛЕНИЕ

## Об утверждении Порядка предоставления субсидий из республиканского бюджета Республики Дагестан сельскохозяйственным товаропроизводителям на развитие молочного скотоводства в Республике Дагестан

в соответствии с постановлением Правительства Республики Дагестан от 16 ноября 2012 г. № 378 «Об утверждении республиканской целевой программы «Развитие молочного скотоводства и увеличение производства молока в Республике Дагестан на 2013-2015 годы» (Собрание законодательства Республики Дагестан, 2012, № 22, ст. 966) Правительство Республики Дагестан **постановляет**:

1. Утвердить прилагаемый Порядок предоставления субсидий из республиканского бюджета Республики Дагестан сельскохозяйственным товаропроизводителям на развитие молочного скотоводства в Республике Дагестан,

2. Признать утратившими силу:

постановление Правительства Республики Дагестан от 1 октября 2010 г, № 358 «Об утверждении Порядка предоставления субсидий из республиканского бюджета Республики Дагестан сельскохозяйственным товаропроизводителям на развитие молочного скотоводства в Республике Дагестан» (Собрание законодательства Республики Дагестан, 2010 № 19, ст, 929);

постановление Правительства Республики Дагестан от 24 декабря 2010 г. № 480 «О внесении изменений в Порядок предоставления в 2010 году субсидий из республиканского бюджета Республики Дагестан сельскохозяйственным товаропроизводителям на развитие молочного скотоводство Республики Дагестан» (Собрание законодательства Республики Дагестан, 2010, № 24, ст.1233);

пункт 1 изменений, которые вносятся в некоторые постановления Правительства Республики Дагестан, утвержденных постановлением Правительства Республики Дагестан 11 ноября 2011г. № 402 «О внесении изменений в некоторые постановления Правительства Республики Дагестан» (Собрание законодательства Республики Дагестан, 2011, №21, ст. 997);

пункт 1 постановления Правительства Республики Дагестан от 5 апреля 2012 г. № 102 «О внесении изменений в некоторые постановления Правительства Республики Дагестан» (Собрание законодательства Республики Дагестан, 2012, № 7, ст. 262);

пункт 1 постановления Правительства Республики Дагестан от 14 июня 2012 г. № 206 «О внесении изменений в некоторые постановления Правительства Республики Дагестан (Собрание законодательства Республики Дагестан, 2012, №11, ст. 503);

постановление правительства Республики Дагестан от 31 июля 2012 г. № 249 «О внесении изменений в постановление Правительства Республики Дагестан от 1 октября 2010г. № 358» (Собрание законодательства Республики Дагестан, 2012 № 14, ст. 612).

**А. Гамидов, Председатель Правительства Республики Дагестан**

# ПОРЯДОК

## предоставления субсидий из республиканского бюджета Республики Дагестан сельскохозяйственным товаропроизводителям на развитие молочного скотоводства в Республике Дагестан

1, Настоящий Порядок регламентирует предоставление субсидий на развитие молочного скотоводства в Республике Дагестан (далее.- субсидии), источником финансового обеспечения которых являются средства федерального бюджета и республиканского бюджета республики Дагестан,

2, Субсидии предоставляются сельскохозяйственным товаропроизоцителям за исключением граждан, ведущих личное подсобное хозяйство), зарегистрированным и осуществляющим свою деятельность на территории Республики Дагестан (далее - получатели), в пределах бюджетных ассигнований, предусмотренных на указанные цели н соответствующем финансовом году Министерству сельского хозяйства и продовольствия Республики Дагестан по следующим направлениям:

а) на улучшение кормовой базы и обеспечение скота качественными высокобелковыми кормами, а именно на компенсацию части затрат на приобретение семян высокобелковой кормовой культуры - люцерны в размере 50 процентов от стоимости семян;

6) на укрепление племенной базы молочного скотоводства, а именно на компенсацию части затрат на создание пунктов искусственного осеменения сельскохозяйственных животных и искусственное осеменение коров и телок,

приобретение специализиронанного оборудования и инвентаря для транспортировки, хранения и реализауии биоматериала -предприятиям, зарегистрированным в государственном племенном регистре, в размере 50 процентов от стоимости (приобретенного (выпуска последних трех лет) оборудования и инвентаря;

в) на увеличение производтна молока и ускоренное развитие молочного скотоводства:за произведенное молоко, а также за прирост rгроизводстяа молока, по уровню молочной продуктивности коров по ставкам,, определяемым Министерством сельского хозяйства и продовольствия Республики Дагестан при условии компактного содержания коров по фермам:

Дислоцированным в горной зоне - при среднегодовом удое молока на одну корову 1200 кг и напичии на начало текущего года не менее 15 голов;

дислоцированным в предгорной зоне - при среднегодовом удое молока на одну корову 1500 кг наличии на на начало текущего года не менее 75 голов;

дислоцированным в равнинной зоне ,- при среднеголовом удое молока на одну корову 1 900 кг и наличии на начало текущего года не менее 145 голов;

1) на приобретение товарного молочного поголовья за пределами республики по ставкам, устанавливаемым Министерством сельского хозяйства и продовольствия Республики Дагестан;

д) на приобретение специализированной техники и оборудования для производства, переработки (мини-заводы), хранения и реализации молока и молочной продукции в размере 50 процентов от стоимости приобретенной современной (выпуска последних трех лет) специализированной техники и оборудования для производства, переработки, хранения и реализации молока и молочной продукции;

е) на строительство и реконструкцию животноводческих комплексов и ферм по ставкам, утверждаемым Министерством хозяйства и продовольствия Республики Дагестан.

Ставка субсидии утверждается в процентах. Размер ставки определяется как соотношение общего объема средств, выделяемых на эти цели, к фактической стоимости выполненных работ по строительству и реконструкции животноводческих комплексов и ферм всех получателей, соответствующих условиям предоставления субсидии, но не более 30 процентов от фактических затрат.

Субсидии предоставляются при соблюдении следующих условий:

строительство и реконструкция животноводческих комплексов и ферм и ввод их в эксплуатацию в текущем финансовом году или втором полугодии предшествующего года;

имеется оборудование по механизированной уборке навоза.

3) Получатели не позднее 1 декабря текущего года представляют в Министерство сельского хозяйства и продовольствия Республики Дагестан следующие документы:

заявление (в письменной или электронной форме) о предоставлении субсидий;

справка-расчет причитающихся сумм субсидий по форме, установленной Министерством сельского хозяйства и продовольствия Республики Дагестан;

копия выписки из Единого государственного реестра юридических лиц или Единого государственного реестра индивидуальных предпринимателей, выданная в текущем году и заверенная получателем;

копия отчетности о финансово - экономическом состоянии и товаропроизводителя агропромышленного комплекса за предшествующий год по формам отчетности, утверждаемым приказом Министерства сельского хозяйства Российской Федерации, заверенная получателем;

справка об отсутствии просроченной задолженности по налоговым и иным обязательным платежам в бюджеты всех уровней на последнюю отчетную дату,

Документы, указанные в абзаце 4 данного пункта, представляются по инициативе заявителя, При их отсутствии Министерство сельского хозяйства и продовольствия Республики Дагестан направляет в рамках межведомственного электронного взаимодействия в территориальный орган Федеральной налоговой службы России и запрос об их представлении.

4. Помимо документов, указанных 13 пункте 3 настоящего Порядка, получатели представляют в Министерство сельского хозяйства и продовольствия Республики. Дагестан следующие документы:

а) для получения субсидии на улучшение кормовой базы и обеспечение скота качественными высокобелковыми кормами:

копии сведений об итогах сева под урожай по форме федерального государственного статистического наблюдения № 4-СХ и сведений об итогах сева под урожай по форме федерального госу дарственного статистического наблюдения N1 -фермер, подтверждающих посевные площади, заверенные получателем:

копии договоров на поставку семян, счетов-фактур, накладных, платежных документов, сертификатов на прииробретение семян, выданных соответствующими органами по сертификации семян, актов расхода семян, заверенные получателем:

б) для получения субсидий на укрепления племенной базы молочного скотоводства:

копии договора, товаротранспортной накладной, акта приема-передачи помещения, оборудования и инвентаря для хранения, исследования, транспортировки и реализации биоматериала, счета-фактуры и платежных документов, заверенные получателем:

в) для получения субсидии на на увеличение производства молока и ускоренное развитие молочного скотоводства:

копии сведений о состоянии животноводства по форме федерального государственного статистического наблюдения № 24-СХ, сведений о производстве продукции животноводства и поголовье скота по форме федерального государственного статистического наблюдения №3-фермер за предыдущие два года, свидетельств о регистрации животноводческих комплексов и ферм, заверенные получателем;

г) для получения субсидии на приобретение товарного маточного поголовья за пределами республики:

копии договоров, товаротранспортных накладных, актов приема товарного маточного поголовья скота, счета-фактуры и платежных документов, заверенные получателем;

копии сведени й о состоянии животноводства по форме федерального государственного статистического наблюдения № 24-СХ или копии сведений о производстве продукции животноводства и поголовье скота по форме федерального государственного статистического наблюдения № 3-фермер на начало текущего и предыдущего годов, заверенные получателем;

д) для получения субсидии на приобретение специализированной техники и оборудования для производства, переработки (мини-заводы), хранения и реализации молока и молочной продукции:

копии договора, товаротранспортной накладной, акта приема оборудования, акта пусконаладочных работ, счета-фактуры и платежного документа, заверенные получателем;

копии сведений о состоянии животноводства по форме федерального государственного статистического наблюдения № 24-СХ, копии сведений о производстве продукции животноводства и поголовье скота по форме

9. Для перечисления субсидий на расчетные счета получателей, открытые ими 13 кредитных организациях по своему выбору, Министерство сельского хозяйства и продовольствия Республики Дагестан представляет в Управление Федерального казначейства по Республике Дагестан на каждого получателя платежное поручение, оформленное в установленном порядке, а также заверенную Министерством сельского хозяйства и продовольствия Республики Дагестан справку-расчет и документы, подтверждающие произведенные затраты.

10. Министерство сельского хозяйства и продовольствия Республики Дагестан представляет отчеты о расходах средств федерального бюджета и республиканского бюджета Республики Дагестан на указанные цели в Министерство сельского хозяйства Российской Федерации и Министерство финансов Республики Дагестан по форме и в сроки, установленные Министерством сельского хозяйства Российской Федерации и Министерством финансов Республики Дагестан соответственно.

11. Получатели субсидий несут ответственность за досговерность представляемых сведений в установленном законодательством порядке.

12. В случае установления факта представления получателем недостоверных сведений субсидии возвращаются в доход республиканского бюджета Республики Дагестан в установленном законодательством порядке.

13. Контроль над целевым использованием субсидий осуществляется Министерством сельского хозяйства и продовольствия Республики Дагестан и Министерством финансов Республики Дагестан.

# ХIарамаб жоялдаса рикIкIад чIа!

Хириял диналъул вацал ва яцал !

Дица дидаги нужедаги васият гьабула Аллагьасдаса хIинкъаян абун.

ХIинкъа Аллагьасдаса, щва ракIалде нилъ руссунеб къваридаб хоб, ГIарас майданалда нилъеца гьабураб гIамалалъул хIисаб гьабулеб къо.

Аллагьас Къуръаналда абун буго (Ва хIакъалъунго АллагьасхIа дица васият гьабуна нужедасаги цебе жидехъе китаб кьураздеги ва нужедеги Нуж Аллагьасдаса хIинкъа абун). Ва гьединго Къуръаналда Аллагьас абун буго (Я, гьал иман лъурал чагIи! Нуж хIинкъа Аллагьасдаса. Ва щибаб нафсалъ хьаравуллъи ккве метер къиямасеб къоялъе жинца цебе гьабун тараб жоялъул).

Щиб жо гьабиялдалъун нилъ рукIунел Аллагьасдаса хIинкъарал?

Щиб жо гьабизе кколеб Аллагьасдаса хIинкъизе ккани?

Нилъ Аллагьасдаса хIинкъулелллъун рукIуна кIиго жо гьабиялдалъун.

1. Аллагьас амру гьабураб жо гьабиялдалъун, как гIадаб, кIал гIадаб, закат гIадаб, хIаж гIадаб.

2. Аллагьас нагью гьабураб, хIарам гьабураб жо теялдалъунги, чи чIвай гIадаб, зина гьаби гIадаб, гIадамазе зулму гьаби гIадаб, жо бикьи гIадаб ва анаша цIай гIадаб.

ГIумар ибн ГIабдулгIазизица абуна, жиндаса Аллагь разилъаяв, «Аллагьасдаса хIинкъи гьечIо рогьизегIан гIибадат гьабиялдалъун ва къад кIалги ккеялдалъун. ХIакъалъунго Аллагьасдаса хIинкъи буго Аллагьас фарз гьабураб жо гьабиялдалъун ва Аллагьас хIарам гьабураб жо теялдалъун. Хадуб: РогьизегIан гIибадат гьабун, къад кIалги ккуни - гьеб лъикIлъиялде тIадеги лъикIлъи гьаби.

Хирияй диналъул вацал ва яцал, нилъер динго хIарамаб жо тей буго. Масала, дуе цо чи лъазе къваригIани ,динияв, гIибадат гьабулевищ яги квешавищ вугевали, гьесул хьвадиялде валагьейилан буго, гьес хIарамаб жо тола бугищ абун. ХIарамаб жо гьабулеб гьечIони, гьеб гIаламат буго гьев чи гIибадат гьабулев, лъикIав чи вукIиналъул. Аварагас абуна (с.гI.с) Тирмизияс бицараб хIадис буго «Мун хIинкъа Аллагьас хIарам гьабураб жо гьабиялдаса, гьеб мехалъ мун вукIуна гIадамазул бищун гIибадат гьабулевлъун».

АсхIабзабазги чиясе «лъикIав вуго» абун хIукму гьабулеб букIинчIо, гьес хIарамаб жо тезегIан. Жиндаса Аллагь разилъаяв ГIумар асхIабасухъ ц очи вачIана нугIлъи гьабизе. НугIлъи гьабулев чи вукIине кколелъул вацIцIадав, ГIумар асхIабас гьесда абула:

-Дие мун лъаларо, дуе заралги гьабиларо дида мун лъачIолъиялъ. Мун вачIа мун лъалев чиги вачун. Къавмалда гьоркьоса цо чи эхеде вахъуна ва абула жинда гьев лъалин.

ГIумар асхIабица гьикъула дуда щиб жоялдалъун гьев лъалевин? Гьес абула гIадлу бугев, вацIцIадав чи хIисабалда лъалин. ГIумар асхIабас гьесда абула мун гьесул мадугьалищ релъедалги къадги гьев лъалев, гьединго, гьесул рокьоб бачIунебги къватIиб унебги жо лъалев? Гьес абула гьечIин. Цинги ГIумар асхIабас гьикъула, дуца гьевгун хиса- баси, даран-жо гьабунищ гIарцудалъунилан. Гьес абула гьабичIин. Цинги ГIумар асхIабас гьикъула мун гьевгун цадахъ сапаралда вукIанищан. Гьес абула вукIинчIин. Гьеб мехалъ ГIумар асхIабас абуна дуе гьев лъалев гьечIинха.

НугIлъи гьабизе вачIарасдаги абуна мун лъалев чиги вачун вачIайилан.

Цинги ГIумар асхIабас абула: «Нуж гуккуге чиясул какалъги гьесул кIалалъги, гIедегIуге гьес как бала буго, кIал ккола буго абун, гьесий лъикIав чийилан нугIлъи гьабизе.Нуж ралагьe гьев кIалъалеб мехалъ битIараб жо бицуладай абун ва гьединго гьесухъ боцIи - гIарац щвараб мехалъ жиндие хIалалллъулареб жо босичIого чIеладай абун».

ХIарамаб жоялдаса рикIкIалъиялдалъун лъала лъикIавги квешавги чи. ГьединлЪидал, диналъул вацал, нилъер гIибадат хIарамаб жо тей буго. ХIарамаб жоги тун гьабураб гIибадат кIвар бугеб буго, амру гьабураб жоги гьабун гьабураб гIибадаталдаса щайилан абуни хIарам гьабураб жоялда щибгIаги рухса кьун гьечIо Аварагас (с.гI.с).

Мисалалъе, гIаракъи-анаша хIарам гьабун буго,амма цо- цояз гьекъола гIаракъи ва цIала анаша даруялъе дагьаб жо гьекъолеб буго яги ракI къварилъараб мехалъ цIалеб буго абун.

Муслимица бицараб хIадис буго жугIфиялдаса, жиндаса Аллагь разилъаяв, гьес Аварагасда (с.гI.с) гьикъана гIаракъидул, Аварагас (с.гI.с) нагью гьабун бегьуларилан абуна. Гьеб мехалъ гьес Аварагасда (с.гI.с) абуна жинца гьикъула бугин даруялъе бегьулищан.

Аварагас (с.гI.с) абуна «ХIакъалъунго гьеб дару гьечIо, ва гьеб унти буго»

Имам АхIмадица бицана Дейлам аль ХIимяриясдаса Йеменалдаса вачIарав. Дейламица Аварагасда (с.гI.с.) гьикъана, я бичасул Авараг (с.гI.с.) ниж руго цIорораб ракъалда, ниж гучаб хIалалъ хIалтIула, гьениб нижеца ролъалъул гьабураб жо гьекъола, хIалтIизеги цIороялъеги кумек букIине. Аварагас(с.гI.с.) гьесда гьикъула гьелъ мехтизе гьарулищан? Гьес абула гьарулин. Гьеб мехалъ Аварагас (с.гI.с.) абула нуж гьелдаса рикIкIалъейилан.

Гьединго цо чи вачIуна ибну МасхIудихъе гьес гьесда абула дида буго унти дие къваригIун буго гьекъолеб жоялдалъун дару гьабизе. Ибну МасхIудица гьесда абуна» ХIакъалъунго Аллагьас нужее сахлъи гьабичIо гьес нужее хIарам гьабураб жоялъулъ, гьелъ, диналъул вацал, гьеб гIаракъи дару гьечIо, унти буго.

РакI къварилъараб мехалъ, диналъул вацал, гьекъейилан, анаша цIайилан абун гьечIо нилъеда, Гьелъ жеги ракI къварилъизе гьабула.

РакI къварилъараб мехалъ нилъеда абун буго какие чури гьабеян, Аллагь рехсеян, Къуръан цIалеян. РакI къварилъи Аллагьас биччараб буго, Аллагь рехсани, ракI чучула.

ТIубанго рикIкIалъизе ккола Аварагас (с.гI.с.) абуна (Дица нужеда нагью гьабураб жо нуж гьелдаса рикIкIалъе) Аварагасул (с.гI.в) рагIи нуж «рикIкIалъе» гьелъул магIна нужеца гьеб гьекъоге, нуж гьекъолеб бакIалда гIодор чIоге гьеб бичулезда гIагарлъуге, гьелъул квешлъи нужеда щола.

Гьелъ, диналъул вацал, нилъер гIибадатго хIарамаб жо тей буго тIоцебе.

Гьелъ абуна Аварагас (с.гI.в) «Мун хIарам гьабураб жоялдаса рикIкIалъе, хIинкъе, мун вукIила гIадамазул бищун цIикIкIун гIибадат гьабулев» щив чи вугониги жинца хIарамаб жоги течIого, жив Аллагьасдаса хIинкъулила абурав, гьеб гьесул батIулаб дагIба буго.

Хирияй диналъул вацал ва яцал! гьаб заманалъ бищун кIудияб балагьги, бищун кIудияб питнаги ккола, Аллагьасги Аварагасги (с.гI.с.) хIарамги гьабураб ва нилъ жиндаса рикIкалъизеги кколеб гIаракъигун наркотикал. Цо-цояз абула цохIого гIаракъи бугила Къуръаналъги хIадисалъги хIарам гьабураб, анаша- наркотик рехсон гьечIила гьениб. Аллагьас щибаб жо цIар- цIар ккун: гIаракъи хIарамаб буго, пиво хIарамаб буго, вино хIарамаб буго, кокаин хIарамаб буго абун бихьизабизе кколарелъулха. Аллагьас Къуръаналдаги Аварагасги (с.гI.с.) хIарам гьабун буго (хамру). Гьеб рагIиялъул магIна буго кинабго жинца гIакълу бацизе, гIакълу ине гьабулеб жо абураб. (Ле, гьал иман лъурал чагIи, мехтулеб, гIакълу тIаса инабулеб жоги, гьира-шавкъ бижинабулел хIаялги, лагълъиялъе чIварал жалги, можоро тIамулеб жоги ракI къалел жал руго, жалги щайтIаналъул гIамалалдаса ругел. Нуж гьеб ракI къалеб жоялдаса рикIкIад чIа).

Аллагьас кутакаб хIинкъи кьуна гIаракъи гьекъолесе ва анаша цIалесеги. Дунялалдаги ахираталдаги гьелъул бищун кIудияб гIакъуба Аллагьас гьекъолев ва наркотикал хIалтIизарулев чиясе лагIнат кьуна ва жиндир рахIматалдаса нахъ вачахъана.

Ибну ГIабасица бицараб хIадис буго, гьес абуна дида Аварагас (с.гI.с.) рагIана абулеб «Дихъ вачIана ЖабрагIил малаик, гьес абуна: я МухIаммад, хIакъалъунго тIадегIанав Аллагьас лагIнат кьуна жинца гIакълу бацизабулеб жоялъе (хамру) , гьеб гьекъолев чиясеги, гьеб гьекъезе къолесеги, гьеб бичулесеги , гьеб бичун босулесеги, гьеб цIцIулесеги, гьеб жиндие цIцIуйилан абулесеги, гьеб жинца биччарасеги, жиндие биччарасеги

Гьединго, Аварагас (с.гI.с.) абуна: «Кидаго гIаракъи (хамру) гьекъон, гьелда тIад чIарав чи гьелин хванани, гьес Аллагьасда дандчIвай гьабула хьанчие лагълъи гьабулев чияс гIадин».

Хирияй диналъул вацал, гьеб гьекъолеб жоялъулги, наркотикалъулги, анашаялъулги зарал кIудияб буго.

ГIаракъи-анашаялъул зараралдаса ккола хьизан бихxи, гьениб жаниб дагIба гьаби.

Цо васас бицуна буго гьеб анашаялдалъун жиндирго рокьоб ккараб лъугьа-бахъиналъул.

Жиндир эмен вукIанила хIалтIиги бугев, гIадамазда гьоркьоб къиматги бугев чи. Эбелги йикIанила цIакъ хIалимай лъикIай гIадан. Жал цIакъ берцинаб хIалалда гIумру гьабулел рукIанила. Цо къоялъ циндаго гIадлу бихханила рукъалъул. Кидаго дагIба-питна багъаранила рокьоб, гьебги гьабулеб букIанила инсуца. Гьес анаша цIалеб букIун бугила. Гьелдалъун гьев хIалтIудаса нахъе къотIанила, жидеда тIад налъабиги кканила.

Цо къоялъ, рокьовги вачIун, эбелалъе питна гьабунила жиндие гIарац кьейин наркотикал росизе. Эбелалъ абунила жиндихъ гIарац гьечIин, дуца гьеб хIарамаб жо тейин, хIинкъайин Аллагьасдаса. Гьеб мехалъ, босун нусгун, гьес эбел чIванила, живгоги туснахъалда кканила. Жиндир гьитIинал яцалги детдомалде кканила, живги жиндир вацги цогидаб детдомалдеги кканила.

Гьединго, гIаракъи- наркотиказул заралалдаса буго рос-лъади ратIалъиги.

ГIемерисел рос- лъади ратIалъула, данде гьаризе кIолареб хIалалъ лъабабго цIарги тIамун, гьекъеялдалъун ва гьединго анаша, наркотикал хIалтIизариялдалъун.

ГIаракъи - анашаялъул заралалдаса руго,гьединго, кинабго обществоялъе кколел зарарал, дагIба-рагIи, чIвай-хъвей, машинаялъул авариязи, ахираб заманалда раккулел квешал унтаби.

Наркотикалъул тайпаби гIемерал руго- опиум, морфий, кат, конопля, героин, кокаин.

Гьеб наркотиказул цояб буго нашатI багъаризабулеб-цояб буго чи загIиплъизавулеб, цояб буго хIинкъизавулеб. Гьев хIинкъула гьитIинаб бакI борхатаб бугилан ккун, хIатта стакан цIураб лъелъ гьанкъизе вугилан хIинкъула. ГЬединго, гьесда квешал гьаркьал рагIулел рукIуна, призракал цере тIамула. Гьелъул гIемерал гIаламатал руго.

Цо тохтурас бицунеб буго. Цо чи вукIун вуго балконалда гIодовги чIун рииидал заманалъ анаша цIала, жиндаго бугеб къварилъи чучизе абун. Гьеб цIан лъугьарабго, нусги босун, хьарпуз къотIизе лъугьун вуго.Гьеб мехалъ гьев хIинкъизе байбихьула, гьесда квешал гьаркьал рагIула, гьесда ккун буго жинда тIаде кIанцIизе призрак бачIунеб бугилан. Гьеб заманалъ гьесухъе ячIуна жиндирго гьитIинай 6 сон барай яс. Гьеб лъимер призрак бугиланги ккун, кодоб букIараб нусги кьабун, чIван йиго жиндирго яс.

Гьединал къисаби гIемерал руго лъугьарал.

-Гьеб анаша бекьизеги хIарамаб буго, бекьун бичизеги хIарамаб буго.

Аварагас (с.гI.с.) абуна: «ХIакъалъунго тIадегIанав Аллагьасги гьесул Аварагасги (с.гI.с) хIарам гьабуна хамру бичизе ва хвараб жоги, болъонги, хьанчалги ричизе.

Гьединго, нилъер мазгьабалда гIаракъи гьекъарасдаги анаша цIарасдаги 40 тIил кьабула.

Хирияй диналъул вацал ва яцал! Аллагьас нилъ рижана, Аллагьасе нилъ рокьула. Аллагьас хIарам гьабураб жоялдаса инкар гьабиялъулъ нилъее нигIмат буго.

Аллагьас тафпикъ кьеги хIарамаб жо тезе.Аминь!

## Лъималазул бокIон

# ДАХIАБАБА НАСИХIАТ ГIАДАН

Роччараб хасалихълъиялъул къо. Ясли-ахалдасан васасул васги ясги рачун ячIуней ПатIимат.

-Дир милъиршаби, бицея, кин араб нужер жакъасеб къо?

-ДахIабаба, дида жакъа ГIумарица кIаркьеналда хIанчIана, амма дун гIодичIо, дуца малъунлъидал букIараб, бихьинал гIодуларин,-ян жаваб кьуна гьитIинав АхIмадица.



-БитIараб гьабун буго, дир дарман, гьитIинго цIунизе ккола бихьинчиясул цIар. Мун гIурав мехалъги гIодиро вукIанин бадибчIвай гьабулел камизе гьечIо.

-ДахIабаба, АхIмадица жакъа бихьизабураб гьунар бицинищабун кIалъазе жуяна гьитIинай Аминатги?

-Бицея, месед!

-Жакъа ниж адаца азбаралда рачиндал, киса лъаларо баккун гьой бачIана, ниж киналго хIинкъана, амма АхIмад абуни, ада аскIой щвезегIан чIечIого гамачIги босун, гьой къотIизе лъугьана, тIуркIун добги лъутана.

-Балагье, кIубабаги абун, тIад цIваги бахъараб квер бихьизабуна АхIмадица кIудияй эбелалда, садикалъул багьадур абун цIар щвана дие жакъа.

-Дир гьитIинав бахIарчи, абун йохун къвал бала кIодоца васасда. Гьедин рохун цере унаго, гьезда аскIосан машина ана ва гьениб жанисан кIаркьен хIанчIарав ГIумарица АхIмадида мацI бихьизабула. Пашманлъи бачIула АхIмадил гьурмаде. Гьелъул хIисаб ккарай кIудияй эбелалъ гьикъула; -Гьа, багьадур, мацI бихьараб сабаблъунищ нодо букIкIараб ва пашманлъун арав?

- Гуро дахIабаба ... !

-Бице, щиб багьанаялъ?

-РитIухълъи гьеч Iолъиялъ.

- Сундулъ гьечIеб ритIухълъи, гьитIинго вукIадго кинал кIудиял пикраби дур ругел?

-Доле, дов ГIумарида хадуб кидаго цIад баниги бачIониги Джип машина бачIуна, гъосул гIемер расанкIабиги руго, планшетцин битIун бачIун буго инсуца. Нилъ лъелго хьвадулел руго садикалдасан рокъор щвезегIан, хIарщги мерхьун. Рокъор ругел расанкIабиги чIалгIун руго, планшет диеги бокьун буго гонкаби хIазе,-ян бадиб магIу сверун кIалъана АхIмад.

-Я дир дарман, гьелъухьищ дуе пашманлъизе бачIараб? Нилъее Аллагьас кьун буго кIиго хIетIе, нилъ рилъанхъарабгIан нилъее чорхоеги, сахлъиялъеги пайда бугеб. Чан чи, кигIан лъимал ругел бохдул, хIатIал гьечIел, мун машина гьечIин гIодуге. Дур яцги, кIудияв вацги руго цадахъ расандизе, амма ГIумарил рухI гьеч Iел расанкIаби руго. Планшет щиб бугеб дида лъаларо, дир гьитIич, лъала, дуца гьарани, гьеб дуе инсуца босулеблъи, ГIумарил дада рикIкIад вуго, досие инсухъан битIун гурони щоларо, дур дада аскIов вуго, дур кверги ккун мун тукаде вачизе.

ГIумарида хадув чияр даци вачIула вачизе, дуда хадур дур умумул яги дун. Мун нилъер гьитIинав цIодор, хIисаб гьабеха щал нужеда кIиясдаго гьоркьор бищун талихIал ругелали?

КIудияй эбел суал кьун яхъиналде гьитIинай Аминатица гьимулаго абуна, -Пашманлъуге, АхIмад, нилъер дадацаги босила приора.



*Кьер-кьерал къалмаз белъун берцин гьабе.*

## БицанкIаби

ТIасан цIулал жанисан гьанал
Цо тIохда гъоркь ункъго вац
СагIат гуреб заман бицунеб жо

БуханагIан кIанцIолеб
Къали кьабун кьурдулеб
БецIаб бокьоб кьарияб оц

***(КИНИ), (СТОЛ), (ХIЕЛЕКО), (ТОРГIО), (ГЬОБО), (ЦIУЛАКЬО)***

## Пайдаял малъа хъваял

## *Помидоразул ассорти*

**ХIажалъула:**
***1) 3 кг кьер-кьерал помидорал,***
***2) 1 кг пер,***
***3) 5 бетIер ражи,***
***4) 5 перецалъул гарал,***



**Маринадалъе хIажалъула:**
***1) 2 литра лъим,***
***2) 3 кIудияб гъуд цIам,***
***3) 6 кIудияб гъуд чакар,***
***4) 1 кIудияб гъуд уксус,***
***5) 2 кIудияб гъуд семечкадул нах.***

БагIарал, тIогьилал ва г ь.ц помидорал ункъиде бикьун къотIула,пер горалккун къунцIула, ражи гIисин гьабула. ТIоцебе банкаялда лъола хреналъул тIамах, хадуб ирга гьабун помидорал,пер ва ражи. Гьелда тIад тIола гьалараб маринад. Банкаби къала, бетIер гъоркьгун лъола ва лъикIалан бицатаб одеялалъулъ жемула.

## *МИКЬИРАЛЪУЛ КОМПОТ...*

**ХIажалъула:**
***1)1 кг микьир,***
***2)1 кг апельсин,***



**Сиропалъе хIажалъула:**
***1 литра лъим,***
***2 кIудияб гъуд гьоцIо,***
***100 г чакар ,***
***1 гIучI дарчин (корица)***

Гагаялдасан микьир батIаги гьабун халалъухъ къунцIула. Апельсиналдасан гора-горахун, кьур-кьурун бахъула хъал. Банкаялъул тIинадаса тIад кьур-кьурун лъола апельсиналъул хъал ва гьениб гьоркьоб бала къунцIараб микьир.

Чакар, гьоцIо, дарчин жубараб лъим гьализабула. Марлиялъ цIцIузеги цIцIун, тIола микьиралда тIад. Банка рахала кьурулеб тIалъелалъ.

1) ЧчугIа къотIараб нусалда ва столалда,гьединго гьеб бежараб къоноялда махI хутIун батани, лимоналъул бащалъиги босун гьелъ гьел алатал рацIцIани махI тIагIуна.

2) ЧчугIа бежараб къоноялъуб чаялъул тIамхал гьалдезаруни, гьелъ махI лъугIизабула.

3) Чурпа цIамхIалаб лъугIун батани, белъичIеб бежичIеб картошка хъалги бахъун рехула хьагиниб.

4) Картошка хъал бахъичIого белъулеб бугони, гьеб бихъ-бихъичIого букIине чанго нухалъ гIучI къазабула.

5) Белъараб пиринчI тIагIамаб букIизе бокьани, гьеб белъизабула тамахаб уксусалда,хадуб хулула цIорораб лъималъ.

6) Хъухъанчадал тIеренал ва тIагIамал лъугьизе гIатIалда кIиго гъуд крахмалалъул жубала. Къоноялдасан рахъизеги бигьалъула.

7) Рахь хекко гьализе бокьани, дагьаб чакар бала хьагиниб.

## Салат *«Щуго минут»*

**КъваригIуна:**
***ХъахIаб ва багIараб ,***
***белъараб багIаргьоло ,***
***хIан - 200грамм ,***
***помидор-3-4,***
***белъараб гьан,***
***майонез, цIам, перец.***



**ХIадурулеб къагIида:**

ХIанги гьанги тIерен гьабун къотIила, помидорал кубиказде руссила, кинабго цIамгун, перецгун ва майонезгун жубазабила. Гьаб салат гьабулаго щуго минут гурони унаро!

# *программа*

# *программа*

ГЪУДУЛЛЪИ

Газета гIуцIарал:

Больихъ районалъул администрация ва редакциялъул коллектив

Учредители:

Ботлихская районная администрация и коллектив редакции

БетIерав редактор

ГI. ГIумаханов

Редакторасул заместитель

А. Агъларов

Отделалъул редакторал

Ш. Лабазанов

П. Дибирова

Мухбирзаби

З. МухIамадова

Б. СултIанова

Фотокорр.

Ш. МуртазагIалиев

Наборщица

П. Эльдарова

Верстальщица

А. Назирбекова

Программист

А. Ибрагьимова

Газета бищана редакциялъул компьютеразул цехалда, кьабуна ООО «Лотос» типографиялда.

Адрес: 367018, МахIачхъала, Пушкинил къватI, 6

Газеталъул регистрация гьабуна Югалъулаб округалъул регионазда гьоркьосеб бакIалъулаб управлениялъ.

Регист. ПИ № 10 - 4614

Редакциялъул пикру кидаго гуро макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз.

Тираж 1249

Наш эл. адрес
druzhba555@mail.ru

колонка прокурора

## ОТВЕТСТВЕННОСТЬ ЗА РОЗНИЧНУЮ ПРОДАЖУ НЕСОВЕРШЕННОЛЕТНИМ АЛКОГОЛЬНОЙ ПРОДУКЦИИ

Действующим законодательством за распитие несовершеннолетними пива, алкогольной и спиртосодержащей продукции, появлением несовершеннолетних в общественных местах в состоянии алкогольного опьянения предусмотрена административная ответственность как самих несовершеннолетних, если они достигли возраста 16 лет (статьи 20.20, 20.21 КоАП РФ), так и родителей несовершеннолетних более младшего возраста (ст. 20.22 КоАП РФ).

Между тем, частью 2 статьи 16 Федерального закона от 22.11.1995 № 171-ФЗ «О государственном регулировании производства и оборота этилового спирта, алкогольной и спиртосодержащей продукции и об ограничении потребления (распития) алкогольной продукции» установлен запрет на розничную продажу алкогольной продукции несовершеннолетним.

В соответствии с указанным законом алкогольная продукция подразделяется на такие виды, как спиртные напитки (в том числе водка), вино, фруктовое вино, ликерное вино, игристое вино (шампанское), винные напитки, пиво и напитки, изготавливаемые на основе пива, сидр, пуаре, медовуха.

В случае возникновения у продавца алкогольной продукции сомнения в достижении покупателем совершеннолетия продавец вправе потребовать у покупателя документ, удостоверяющий личность, позволяющий установить возраст покупателя.

За реализацию подросткам такой продукции законодательством установлена уголовная и административная ответственность.

Так, за розничную продажу несовершеннолетним алкогольной продукции, если это действие не содержит уголовно наказуемого деяния, наступает административная ответственность по ч. 2.1. ст. 14.16 Кодекса об административных правонарушениях Российской Федерации. При этом в целях защиты прав и законных интересов несовершеннолетних с 24 ноября 2012 года штрафы за продажу им алкоголя законодателем увеличены в 10 раз.

На граждан может быть наложен административный штраф в размере от тридцати до пятидесяти тысяч рублей; на должностных лиц - от ста до двухсот тысяч рублей; на юридических лиц - от трехсот до пятисот тысяч рублей.

В случае неоднократной розничной продажи несовершеннолетним алкогольной продукции, если продавец уже привлекался к административной ответственности за аналогичное деяние в течение ста восьмидесяти дней со дня назначения административного наказания, наступает уголовная ответственность по ст. 151.1 Уголовного кодекса Российской Федерации.

Преступное деяние наказывается штрафом в размере до восьмидесяти тысяч рублей или в размере заработной платы или иного дохода осужденного за период до шести месяцев либо исправительными работами на срок до одного года с лишением права занимать определенные должности или заниматься определенной деятельностью на срок до трех лет или без такового.

**А.О. Азизов юрист 3 класса**
**Помощник прокурора района**

## ЩИВАСУЛ САХЛЪИЖИНДАГО КОДОБ

Нилъер район ккола бищунго гьава-бакъ рекъарал районазул цояблъун. Руго нилъер районалда гIи-боцIи хьихьиялъеги гIурал шартIал, гьединлъидал умумуздасанго рачIарал боцIухъаби руго нилъ.

МугIрузул ракьалда рукIуна батIи-батIиял бакIаздасагун батIи-батIиял магIишатаздасан рачIарал гIи-боцIиги. РукIуна гьел цого бакIалда гьорлъ журан кваналелги, лъим гьекъолелги. ГIи-боцIуда гьорлъ рукIине бегьула хассал уколал гьаричIел жал. Гьелъул кIудияб хIинкъи букIуна унтарал боцIудаса сахаб боцIуде унти бахиялъул. БатIаго заралияллъун ккола сибирская язва, ящур, туберкулез абурал унтаби. ЦIодорлъи гьабичIони ветеринариял специалистазул малъа-хъваялгун рихьизариял гIадахъ росичIони гьеб квешаб унти нилъехъги баккизе бегьула.

Жидедаго тIадаб ишги бичIчIун жидерго махщалида рекъон районалъул ветеринариял специалистаз хIаракат бахъула нилъер гIемерисел гIадамазул бетIербахъиялъул аслияб шартIлъун кколеб унтабаздасан цIунизе.

АммакигIантIадчIун хIаракат бахъаниги унтаби ругищали хал гьабизелъун би бахъизе унтаби раккичIого рукIиналъе уколал гьаризеги кинабго боцIи щолеб гьечIо. БитIун бицани бетIергьабаз кодобе щвезе толеб гьечIо. Гьеб жидеего зарлияб къагIида батIаго хъинтIула МигIарсо, ТIасутIа, Кьохъ росабазда, хасго ГIанди росулъ буго бруцеллезалъул хIалуцараб хIал гьениса ветеринарияб документ гьечIого продуктаби росизе бегьуларо.

Гьел росабазул гIадамаз би бахъизеги дараби гьаризеги кодобе щвезе биччаларо гIи-боцIи. КигIан къеркьаниги гьеб гIадлуялде бачине кIолеб гьечIо рехсарал росабазул администрациябазда. Гьелъул хIасилалда хунги гIадамазул цогидал боцIуда унти бахунги заралги цIикIкIунеб буго. Ахирал соназда хIужа ккана гIадамал унтиялъулги. ГIадамазда унтаби рахиналъул ва гьел тIиритIиялъе аслияб гIиллалъун ккола гIи-боцIул нигIматал. Гьел бичахисиялъулъги руго гIемерал гIунгутIаби. ТIоцебесеб иргаялда гьечIо гIи-боцIул продуктаби ричулел цо чIараб хассаб берцин гьабун къачIарал прилавкаби. ХIурулъги гьоролъги продуктаби рукIунел руго гIодор. Гьениб бацIцIалъи чIезабиялде кIвар кьолеб гьечIо гьеб иш жидеда тIаде кколел идарабаз. Базаркомазги гьукъулеб гьечIо ветеринарияб надзоралъул штамп гьечIел продуктаби ричизе. Базар-хIакъ щвараладаса гьезие ургъел гьечIо щиб бичаниги. Риидалил заманалда гIи-боцIул продуктабаздасанго гIадин батIи-батIиял унтаби тIиритIиялъе хIинкъи букIуна аххуралъул, бахчабазулал нигIматаздаса. Гьездаса бугеб хIинкъи батIаго цIикIкIана базаралъулаб экономикаялде рачIаралдасан. Циндаго ва гIемерго бечелъизе бокьарал базаргабаз продуктаби хекко рарщизелъун чIахIалъизелъун ва ричун росулезда берцин рихьизелъун цIикIкIараб къадаралда пайда босулеб буго химикатаздасан. ЦIодорлъи гьабичIони гьединал продуктабаз инсанасул черхалъе цIикIкIараб заралги кьола. Гьелдаса цIуни мурадгун ричарухъабаздаса тIалаб гьабизе ккола качествоялъул сертификат.

***БАЙГЕРЕЙ ТIАЛХIАТОВ,***
***Ветеринарияб управлениялъул начальник.***